

Ki enfòmasyon ak dokiman map bezwen rasanble anvan m kòmanse pwosesis aplikasyon

Pou asire ke aplikasyon w lan konplè epi pou yo ka travay sou li san pwoblèm, voye enfòmasyon sa yo ansanm avèk aplikasyon pou Asistans Reyansplwa w la, lè wap soumèt li:

- Nimewo Sekirite Sosyal.
- Pèmi Kondwi w oswa Nimewo ID Eta a.
- Enfòmasyon sou kote w tap travay pou 18 dènye mwa yo, bay enfòmasyon pou chak anplwayè.
- Nimewo idantifikasyon Anplwayè a, ke yo egalman rele nimewo FEIN, si li disponib. Ou ka jwenn nimewo sa a sou papyè taks W2 w la oswa 1099 ou a.
- Non Anplwayè a (non konpayi ap sou resi chèk la), adrès, ak nimewo telefòn konpayi an.
- Dat, premye jou travay ou ak dènye jou w te travay.
- Salè brit (anvan taks) ki kouvri 18 dènye mwa yo.
- Rezon separasyon an.

Si youn nan kritè sa yo gen rapò avèk ou, founi enfòmasyon siplemantè sa yo:

- Si w pa yon Sitwayen Ameriken: Founi Nimewo Anrejistreman Etranje a oswa lòt kalite pèmi travay ou.
- Si w se yon anplwaye militè: Founi yon kopi DD-214 Member 4. Si ou pa gen yon Member 4, ou ka itilize kopi Member 2-7 ou a.
- Si w se yon anplwaye federal: Founi SF-8 oswa SF-50.
- Si w se yon Manm Sendika: Founi non Sendika a, nimewo ki idantifye sendika a, ak nimewo telefòn sendika a.